

## Si W Panse W te Fè Eksperyans oswa Temwen Move Konduit Lapolis

Depoze yon plent nan Komisyon Konsèy pou Revize Plent Sivil (CCRB). Nou envestige ak fè medyasyon plent yo konsènan move konduit ofisye NYPD yo.

CCRB a endepandan, san patipri e li pa fè pati Depatman Lapolis.

## Fason pou Depoze yon Plent

- ▶ Rele Liy Direk nou an: **1-800-341-2272** Rele **311**, nenpòt kilè 24/7
- ▶ Vini nan biwo nou an, 100 Church Street, New York, NY 10007. Monday-Friday 8 AM to 5 PM, Li pa obligatwa pou gen randevou.
- ▶ Ranpli fòm plent lan sou entènèt: **[www.nyc.gov/ccrb](http://www.nyc.gov/ccrb)**
- ▶ Ekri nou nan adrès anlè a. Si ou te blese, chèche swen medikal imedyatman, epitou fè foto blesi ou yo..



Civilian Complaint  
Review Board

## Kisa pou w Fè si yon Polisyè Kanpe w

Sa w pou di ak fè pandan rankont sa yo gendwa gen yon enpak sou fason sityasyon an ap pwogrese epi li gendwa vin tounen yon ensidan ki plis enkonvenyan oswa ki afekte w yon fason negatif.

## Konsèy

- Rete kalm epi pa bouje anpil.
- Kenbe men ou vizib epi imobil. Si ou bouje oswa mete men ou nan pòch ou, lapolis ka sispèk se yon zam w ap rale.
- Pale avèk respè. Pa diskite. Li ka fè bagay yo vin pi mal.

## Konsèy (a swiv )

- Pa reziste arestasyon. Nenpòt bagay ou fè ki fizikman entèfere ak efò yon ofisye pou kenbe ou, tankou si w ap rale kò w, yo pral wè li kòm reziste epi li ka lakòz yon chaj adisyonèl oswa fè sityasyon an pi danjere.
- Mache ak yon idantite tout tan. Menmsi sa a se pa yon obligasyon, li bon pou pwòp sekirite ou gen youn.
- Peye atansyon sou detay yo nan rankont la, pa egzanp, nimewo badj ofisye a ak non. Pandan ke ofisye polis yo oblije ba w enfòmasyon sa yo si w mande, gen kèk ki gendwa pa fè sa. Epitou sonje deskripsyon fizik ofisye a ak nimewo ki sou yon machin patwouy lan.

## Kisa Ou Bezwen Konnen sou Otorite Lapolis

- Lapolis gen dwa apwoche moun epi mande enfòmasyon lè gen yon rezon pou fè sa. Yon ofisye gen dwa pou yo kanpe (tanporèman kenbe) ou si li gen yon sispisyon rezonab w ap komèt, ou te komèt oswa ou pral fè yon krim..
- Pandan arè sa a, si yon ofisye kwè ou gen yon zam nan yon fason ki rezonab, li gen dwa fouye oswa tape sou rad ou.
  - Si ofisye a santi yon objè epi li kwè nan yon fason ki rezonab li ta ka yon zam, ofisye a gen dwa foure men nan pòch ou pou tcheke objè a.
  - Ofisye lapolis ki fè patwouy nan bilding Otorite Lojman Vil Nouyòk yo (NYC Housing Authority) ka tcheke si moun yo la legalman - yo se rezidan legal oswa vizitè lejitim.